

# Kèk Ti Konsèy pou Evite Dan Timoun Gate Bonè

## Dan an sante enpòtan

Dan gate, oswa yon twou nan dan, kapab kòmanse avèk premye dan yon tibebe. Sa kapab lakòz doulè, enfeksyon ak lòt pwoblèm sante. Dan tibebe enpòtan pou manje, pale, ak kenbe espas pou dan adilt yo.



### EVITE ti goute ak bwason sikre.

- Manje ak bwason sikre kapab lakòz dan gate.
- Limite kantite fwa li pran ti goute epi ofri ti goute ki gen ti kras sik.
- Pa bay plis pase 6 ons ji pa jou.



### LIMITE kantite tan li pase ap siwote nan yon bibwon oswa nan yon goblè ki gen tetin

- Lè ji, soda, lèt oswa fòmila rete nan dan timoun ou twò lontan, sik ki nan bwason sa yo kapab lakòz dan gate.
- Ofri dlo – li pa gen sik.
- Pa mete tibebe ou dòmi avèk yon bibwon.



### PRAN PREKOSYON ak jèm ki lakòz twou nan dan yo ki kapab transmèt bay timoun lan avèk saliv.

- Pa sèvi nan menm istansil avèk tibebe ou oswa pa manje nan sa tibebe a ap manje.
- Netwaye tetin yo avèk dlo, pa avèk bouch ou.
- Pran swen dan pa ou pou redui jèm ki nan bouch ou.



### Bwose dan yo de fwa pa jou

- Imedyatman premye dan an soti, kòmanse bwose li avèk yon bwòs dan mou gwo pou timoun.
- Bwose avèk yon ti kras pat dantifris tou piti ki gen fliyò pou timoun ki poko gen laj 3 zan epi yon kantite ki gwo pou timoun ki gen laj 3 a 6 zan.
- Ede epi sipèvize timoun yo jouk lè yo kapab bwose dan yo poukont yo.

### Kòmanse fè vizit regilye kay dantis nan laj 1 ane

- Anjeneral, timoun yo dwe wè yon dantis chak sis mwa.
- Pale avèk dantis timoun ou an oswa avèk pedyat li konsènan vèni ki gen fliyò, yon kouch yo pentire sou dan yo pou evite dan gate.

### Medicaid ak Child Health Plus garanti swen dan.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sante bouch oswa pou jwenn yon klinik dantè osnon yon founisè swen dan toupre w ki pa koute chè, rele 311 oubyen ale nan [nyc.gov](http://nyc.gov) epi chèche “teeth” (dan).